# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–31 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु विधान परिषद में नया पिनसिनि स्कीम पर पूछल गइल सवाल क जबाब देत कहलें कि प्रदेस में बीजेपी क सरकार बनावे के बाद राज्य क करीब आठ लाख करमचारियन क पिनसिनि खाता खोले क कार कइल गइल। उहां के कहलीं कि दुइ हजार पांच में जब नया पिनसिनि स्कीम लागू भइल तब प्रदेस में मुलायम सिंह यादव के अगुआई में सपा सरकार रहल। ओहीं, दुइ हजार सात से दुइ हजार बारह ले बसपा अउर फेर दुइ हजार बारह से दुइ हजार सतरह ले सपा सत्ता में रहल, मगर ई दुर्भाग्यपूर्ण हौ कि एक्को करमचारी क पिनसिनि खाता नाहीं खोलल गइल।

**********

प्रदेस क राज्यपाल श्रीमती आनंदीबेन पटेल आजु जिला बाराबंकी में दुइ सौ तेइस आंगनबाडी केन्द्रन बदे प्री स्कूल किट बितरण कार्यक्रम का उदघाटन कइलीं। अपने संबोधन राज्यपाल कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ भविष्य क भारत के स्वस्थ्य बनावे क सपना देखले हवे। ऐकर सुरूआत आंगनबाडियें से होले। सज्जों अधिकारी पुरहर  तेजी से आगनबाडी केन्द्रन मे सुधार बदे प्रयास करें।  लइकन के बेहतर शिक्षा के साथे पोषण देवे बदे हर केन्द्र पर हॉट कुक्ड फूड परोसल जाव।

**********

यूपी विधानसभा मॉनसून सत्र क तिसरा दिन्ने बुधवार के सबेरे इग्यारह बजे सदन क कार्यवाही सुरू भइल। सपा क सदस्य त्रिभुवन दत्त आवास विभाग से जुड़ल सवाल उठवलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ संसदीय कार्यमंत्री सुरेश खन्ना, नेता प्रतिपक्ष माता प्रसाद पाण्डेय मौजूद रहलें। सरकार की ओरि से मंत्री धर्मपाल सिंह जबाब दिहलें। प्रस्नकाल में दुसरा सवाल सपा क सदस्य अनिल प्रधान क बिजुली पर रहल। बिजली क आवाजाही अउर समय पर ट्रांसफार्मर नाहीं बदलल गइले से जुड़ल रहल। सरकार की ओरि से ए.के. शर्मा कहलें कि काल्हि ले ओन्तिस हजार छौ सौ अस्सी मेगावाट बिजुली क मांगि रहलि। येह समय कोइला भीजल आवे ला, आन्हीं–पानी जइसन बिपरीत हालतो में हम्मन के राज्य में सबसे बेसी बिजुली दिहले हईं।

**********

पूर्व केन्द्रीय स्वास्थ सचिव अउर ओन्नईस सौ तिरासी बैच क आईएएस अधिकारी प्रीति सूदन के संघ लोक सेवा आयोग (यूपीएससी) क नया अध्यक्ष नियुक्त कइल गइल हौ। राष्ट्रपति दौपदी मुर्मू सुश्री सूदन क नियुक्ति के मंजूरी दे देहले हई। उहां के बिहने आपन कार्यभार सम्भारब। सुश्री सूदन डाक्टर मनोज सोनी क जगहि लीहें जे येह महिन्ना क सुरूआत में आपन कार्यकाल पूरा भइले से पहले इस्तीफा दे दिहलें रहले।

**********

शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान आजु राज्य सभा में एगो पूरक प्रस्न के जवाब देत बतवलें कि राष्ट्रीय परीक्षण एजेंसी क गठन के बाद से पांच करोड़ से बेसी ओम्मेदवार राष्ट्रीय परीक्षण एजेंसी एनटीए की ओरि से आयोजित कई गो परीक्षन में उपस्थित भइल हवें। ई अबले दुइ सौ पचास परीक्षा आयोजित कइले हौ। सथहीं सरकार पछिला दस बरिस में मेडिकल सीट बढ़ा के एक लाख दस हजार कै दिहले हौ।

**********

कलम क जादूगर मुंशी प्रेमचन्द क 144वीं जयंती आजु बनारस क लमही गांव में धूमधाम से मनावल गइल। येह मौका पर मौजूद साहित्यकार स्कूली लइकन के साथे मुंशी प्रेमचन्द क मूर्ति पर माला चढ़वले के साथे साथ उनकर रचना पर प्रकास डरलें येह मौका पर स्कूली लइकन अउर स्वंय सेवी संस्थानन की ओरि से नाट्य मंचन कइ के प्रेमचन्द के रचना क प्रासंगिकता अजुओ केतना हौ ऐके बतावे क कार कइलें। कार्यक्रम क आयोजन क्षेत्रीय सांस्कृतिक केन्द्र अउर प्रेमचन्द सोध संस्थान की ओरि से कइल गइल।

**********

शाहजहांपुर में काकोरी ट्रेन एक्सन क सौवीं वर्षगांठ धूमधाम से मनावल जाई। जिलाधिकारी सज्जो विभागन के निरदेसित कइले हवें कि काकोरी ट्रेन एक्सन क सौवीं वर्षगांठ पर जिला में सताब्दी समारोह नौ अगस्त के भव्य रूप से आयोजित कइल जाई। उहां के कहलीं कि नया पीढ़ी के काकोरी ट्रेन एक्सन के इतिहास बदे जागरूक करे खातिर सहीद स्मारकन पर माल्यार्पण कइल जाई।

**********

प्रदेस सरकार आजु आठ आईपीएस अधिकारियन क तबादला कै दिहले हौ। तबादला मे आईपीएस संतोष कुमार मिश्रा के कुशीनगर क नया एसपी नियुक्त कइल गइल हौ एकरे पहिले उहां के प्रसिक्षण एंव सुरक्षा, लखनऊ के पद पर तैनात रहलीं। ओहीं कुशीनगर क आईपीएस धवल जयसवाल के फतेहपुर क पुलिस अधीक्षक बनावल गइल हौ।  येही तरह अजय कुमार के 32वीं वाहिनी पीएससी लखनऊ में सेना नायक, अभिषेक यादव लखनऊ अभिसूचना मुख्यालय से प्रयागराज रेलवे, फतेहपुर एसपी रहल, उदय शंकर सिंह के पुलिस अधिक्षक (प्रशिक्षण एवं सुरक्षा)  लखनऊ का जिम्मेवारी दिहल गइल हौ। आईपीएस सुभम पटेल के पुलिस अधिक्षक अभिसूचना मुख्यालय लखनऊ, श्रद्धा नरेन्द्र पाण्डेय के 38वीं वाहिनी पीएससी में सेना नायक अउर विवेक चन्द यादव के पुलिस मुख्यालय से प्रयागराज कमिश्नरेट में अपर पुलिस उपायुक्त बनावल गइल हौ।

**********

वाराणसी जिला में गंगा नदी क जलस्तर में बढ़ोत्तरी क सिलसिला जारी हौ। आजु गंगा क पानी शीतला घाट क मां शीतला देवी मंदिर ले पहुंचि गइल हौ। एकरे बाद से पुलिस अउर प्रसासन की ओरि से लोगिन के गहिर पानी में गइले से रोकल जा रहल हौ। सथहीं, जिला प्रसासनों पुरहर तरह से मुस्तैद हौ। जलस्तर के बढ़ले के नाते चौरासी घाटन क सम्पर्क टूटि गइल हौ। सासन काल्हि मणिकर्णिका घाट अउर हरिश्चन्द्र घाट पर सवदाह क जगहियो बदलि दिहले हौ।

**********